

Sant Rekiperasyon apre Katastwòf Ouvri nan Konte Alachua, Lake, Levy ak Palm Beach

Release Date: Novanm 18, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – FEMA ouvri Sant Rekiperasyon apre Katastwòf nan konte Alachua, Lake, Levy ak Palm Beach pou bay èd tèt ak tèt ak moun Florida ki afekte ak Siklòn Milton, Helene ak Debby yo.

Sivivan yo **pa** bezwen vizite yon sant pou yo aplike pou asistans. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov) oswa telechaje [FEMA App](https://www.FEMA.gov) la. FEMA pa distribiye lajan kach nan Sant Rekiperasyon apre Katastwòf yo.

Adrès sant lan:

Konte Alachua (Sant Mobil)

Old School Community Center

23760 NW 187th Ave.

High Springs, FL 32643

Lè Fonksyònman: 10 a.m.–7 p.m. jiska Mèkredi 20 Novanm Lè yo deplase sant sa a pou mete l nan yon nouvo adrès, y ap bay piblik la detay sou sa.

Konte Lake

Lake County Ag Center

1951 Woodlea Road

Tavares, FL 32778

Lè Fonksyònman: 9 a.m.–7 p.m. Lendi-Dimanach



FEMA

Page 1 of 2

Konte Levy

Inglis Community Center
137 Highway 40 W
Inglis, FL 34449
Lè Fonksyònman: 9 a.m.–6 p.m. Lendi-Dimanach

Konte Palm Beach (Sant Mobil)

Wellington Village Park
11700 Pierson Road
Wellington, FL 33414
Lè Fonksyònman: 9 a.m.–5:30 p.m. Lendi 18 Novanm ak Madi 19 Novanm Lè yo deplase sant sa a pou mete l nan yon nouvo adrès, y ap bay piblik la detay sou sa.

Pou jwenn adrès lòt sant, ale sou fema.gov/drc oswa ekri “DRC” ak yon Kòd Postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki bezwen aksè fonksyonèl epi ki ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan DisasterAssistance.gov oswa itilize [FEMA App](#). Ou ka aplike tou nan telefòn nan **800-621-3362**. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon videyo sou fason pou w aplike pou w jwenn asistans, ale sou [FEMA Accessible: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](#).

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Milton, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre siklòn Helene, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou w ka jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre siklòn Debby, vizite fema.gov/disaster/4828. Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2